

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Modél pangajaran mangrupa hiji rancangan pangajaran nu digunakeun dina nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik atawa poko bahasan, nganalisis karakteristik diajar, nyusun tujuan instruksional husus, milih eusi pangajaran, ngalaksanakeun pretest, ngalaksanakeun kagiatan diajar-ngajar atawa sumber pangajaran, ngayakeun dukungan pelayanan, ngalaksanakeun évaluasi jeung nyieun révisi (Rahman, 2009).

Dina milih modél pangajaran, perlu diperhatikeun rélévansina jeung udagan dina pangajaran. Dina praktékna, sababaraha modél pangajaran bisa disebut hadé saupama minuhan sababaraha prinsip saperti : (1) beuki leutik upaya anu dilakonan ku guru tur beuki gedé aktivitas diajar siswa, ku kituna éta hal disebut leuwih hadé, (2) beuki saeutik waktu anu dibutuhkeun ku guru pikeun mangaruhan siswa aktif dina diajar ogé kawilang hadé, (3) luyu jeung cara diajar siswa anu dilakonan, (4) bisa dilaksanakeun kalawan hadé ku guru, (5) teu aya modél anu pangluyuna pikeun sababaraha udagan, jenis matéri, jeung prosés diajar (Isjoni, 2010).

Modél pangajaran anu dianggap luyu tur inovatif pikeun pangajaran basa Sunda, nya éta pangajaran kooperatif. Pangajaran kooperatif mibanda konsép yén siswa bakal leuwih gampang manggihan ogé maham konsép anu hésé saupama siswa diskusi jeung baturna. Nurutkeun Trianto (2007) pangajaran kooperatif disusun dina salasihiji tarékah pikeun ngaronjatkeun partisipasi siswa, méré fasilitas siswa ku pangalaman sikap kapamingpinan jeung nyieun kacindekan dina kelompok, sarta méré kasempetan ka siswa pikeun ngalakukeun interaksi jeung diajar bareng siswa nu béda kasang tukangna. Saupama prinsip dasar pangajaran kooperatif henteu robah, aya sababaraha variasi dina éta modél. Sahenteuna aya opat pamarekan anu sakuduna mangrupa bagéan dina kumpulan strategi guru dina ngalarapkeun modél pangajaran kooperatif. Salasihiji modél pangajaran anu dianggap luyu pikeun pangajaran ngadongéng nyaéta *Think Pair and Share*.

Nurutkeun Trianto (2007) *Think Pair and Share* mangrupa pangajaran kooperatif anu dirancang pikeun mangaruhan pola interaksi siswa. Ieu tehnik pangajaran mere kasempetan siswa pikeun gawé sorangan jeung gawé bareng silih mantuan dina kelompok anu leutik. *Think Pair and Share* mangrupa pangajaran kooperatif anu maké sababaraha léngkah-léngkah pangajaran, saperti léngkah mikir, léngkah papasangan, jeung léngkah silih bagi. Dina ieu modél pangajaran guru méré isu atawa matéri anu satuluyna méré waktu ka siswa pikeun mikiran éta isu atawa matéri anu geus dibere ku guru. Satuluyna siswa dibéré waktu pikeun nyieun kelompok leutik pikeun ngadiskusikeun ide jeung pamikiran siswa ngeunaan isu atawa matéri anu geus dideudeulan ku guru. Tuluy éta kelompok leutik dibéré kasempetan pikeun ngaprésentasikeun hasil diskusi kelompokna. Ieu modél pangajaran méré motivasi pikeun siswa diajar kalawan papasangan. Unggal anggota miboga peran pikeun ngaréngsékeun sababaraha patalékan atawa pancén nu dipasrahkeun (Saefudin & Berdiati, 2015).

Nurutkeun Huda (2013) *Think Pair and Share* ogé mangrupa strategi pangajaran anu mimitina dimekarkeun ku Profesor Frang Lyman di University of Maryland dina taun 1981 jeung diadopsi ku loba panulis di widang pangajaran kooperatif dina taun satuluyna. Ieu strategi ngawanohkeun pamadegan ngeunaan waktu ‘tunggu atau berpikir’ (wait or think time) dina élemén interaksi pangajaran kooperatif anu ayeuna jadi salasihiji faktor nu alus pikeun ngaronjatkeun respon siswa kana patalékan.

Hal anu kawilang penting pikeun dironjatkeun dina pangajaran kooperatif nyaéta komunikasi. Dina komunikasi kamampuh nyarita miboga peran anu penting. Nyarita mangrupa kamampuh ngedalkeun sora artikulasi atawa sababaraha kekecapan anu ngaéksprésikeun, nétélakeun atawa nepikeun sawangan, jeung rarasaan. Leuwih jauh deui, nyarita nyaéta salah sahiji wangun paripolah manusa anu ngamangpaatkeun sababaraha faktor fisik, psikologis, neurologis, semantik, jeung linguistik kalawan saékstensifna, sacara lega nepi ka bisa dianggap minangka pakakas manusa anu penting dina kontrol sosial. Udagan anu utama dina nyarita nya éta pikeun komunikasi, sangkan bisa nepikeun sawangan kalawan éféktif, saenyana panyatur maham kana sagala ma’na anu rék dikomunikasikeunna. Kegiatan nyarita mangrupa aktivitas méré jeung narima

basa, nepikeun gagasan jeung maksud dina waktu anu babarengan antara panyatur jeung pamiarsa. Ku kituna, kaparigelan nyarita disebut kagiatan anu aktif produktif (Tarigan, 2021b).

Nurutkeun kana hasil wawancara guru basa Sunda di SMA Negeri 15 Bandung, pangajaran nyarita di SMA Negeri 15 Bandung Kelas X IPS 1 Taun Ajaran 2021/2022, prosés pangajaranna masih didominasi ku tiori sedengkeun prakték dina nyarita éta sorangan kawilang kurang. Balukarna, siswa jadi teu biasa nyarita di hareup kelas. Eta hal anu ngalantarankeun siswa kurang biasa dina nyarita di hareup kelas lantaran prosés pangajaran anu didominasi ku tiori daripada prakték. Nilik kana éta pasualan, guru salaku fasilitator kudu bisa nyiptakeun prosés diajar anu bisa ngirut siswa. Guru diperedih mampuh ngamangpaatkeun modél jeung média pangajaran anu éféktif tur inovatif dina prosés diajar. Guru bisa ngalarapkeun bahan ajar kalawan bener tur merenah jeung kréatif sangkan siswa bisa paham kana naon anu diajarkeun, utamana dina ngaronjatkeun kaparigelan nyarita siswa ngaliwatan prakték.

Matéri pangajaran anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa salasahiji na nyaéta dongéng, saperti prakték ngadongéng anu aya di SMA/SMK/MA kelas X. Saluyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA (Tim pengembang Kurikulum Muatan Lokal, 2017).

Dina Kompetensi Dasar

3.2. Membandingkan jenis dongeng, berdasarkan isi, struktur, dan aspek kebahasaan.

4.2. Menampilkan berbagai jenis dongeng dengan cara ngadongeng, monolog, atau dramatisasi.

Ku ayana pangajaran ngadongéng ieu, siswa dipiharep bisa ngawasa kaparigelan nyarita ku cara ngadongéng sakumaha udagan anu aya.

Nurutkeun Dudung dina Habsari (2017) dongéng mangrupa carita prosa rakyat anu teu dianggap bener kajadian. Dongéng dicaritakeun anu utamana pikeun hiburan, padahal dina saenyana loba dongéng anu ngagambarkeun bebeneran, miboga ajén moral, atawa singgungan. Sedengkeun nurutkeun Iskandarwassid dina Koswara (2013) nétélakeun yén dongéng téh mangrupa

ngaran salasihiji golongan carita dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung sok aya bagéan anu dikawihkeun, tapi umumna mah parondok. Dongéng téh sumebarna ku cara lisan, tatalépa ti hiji jalma ka jalma séjén. Teu kapaluruh saha pangarangna atawa anu nyieunna. Caritaanna sok karasa ngandung unsur pamohalan. Tokoh atawa palakuna, sakapeung sok hésé ditarima ku akal.

Dina pangajaran dongéng di SMA/SMK/MA kelas X, siswa dipiharep bisa mintonkeun kamampuhna dina ngadongéng sakumaha anu aya dina kompetensi dasar. Ngadongéng nurutkeun Rukiyah (2018) nyaéta ngébréhkeun salasihiji anu nyaritakeun ngeunaan paripolah atawa kajadian jeung ditepikeun sacara lisan kalawan udagan ngabagikeun pangalaman tur pangaweruh ka jalma séjén. Ku kituna, ngadongéng mangrupa salasihiji kaparigelan basa nyaéta nyarita anu sipatna produktif. Ngadongéng ogé lain saukur salasihiji kaparigelan dina nyarita, tapi ogé minangka seni.

Ngadongéng bisa dilakonan kalawan dua cara, nyaéta ngadongéng anu teu maké alat peraga jeung ngadongéng maké alat peraga. Ngadongéng anu teu maké alat peraga contona bisa dilakonan ku indung atawa nini ka incuna, ogé guru ka muridna. Sedengkeun ngadongéng anu maké alat peraga, misalna ngadongéng kalawan cara macakeun buku carita anu aya gambarna, sabari maénkeun bonéka, atawa dibantu ku adegan fragmen gumantung kreativitas nu ngadongéng. Cara naon waé anu dilakonan saacan ngadongéng, anu ngadongéng kudu geus apal kana jalan caritaan tur mikawanoh karakter tokoh dina dongéng anu rék dibawakeun (Rukiyah, 2018).

Panalungtikan saméméhna anu ngagarap ngeunaan modél Pangajaran *Think Pair and Share* jeung ngadongéng nyaéta Iyan Sandiana (2016) kalawan judul “Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Think Pair and Share* Dina Pangajaran Sawala (Panalungtikan Tindakan Kelas Di Kelas X2 SMA Kartika XIX-2 Bandung)” anu nétélakeun ayana karonjatan siswa dina pangajaran sawala sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*, Ai Kurnia Ilham Nurdinia kalawan judul “Éféktifitas Média Gambar Séri Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngadongéng (Studi Ékspérimén Murni ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” yén kamampuh ngadongéng siswa téh bisa dironjatkeun ngagunakeun média gambar séri.

Udagan dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngungkulan masalah nu aya di unggal siswa. Héngkérna kamampuh nyarita siswa nu jadi cukang lantaran, ku kituna kudu dironjatkeun kalawan make modél pangajaran anu luyu jeung pasualan nu karandapan pikeun leuwih ngirut siswa dina minat nyarita.

Aya ogé saruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna anu dilaksanakeun téh nyaéta medar jeung maluruh ngeunaan modél pangajaran *Think Pair and Share*, mung anu ngabédakeun nyaéta matéri ajar jeung sumber data anu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan leuwih nekenkeun kana éféktivitas modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ékspérimen dina ngalarapkeun modél pangajaran anu éféktif tur inovatif pikeun ngaronjatkeun prosés diajar siswa, luyu jeung kasus anu nyampak dina pangajaranna. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun métodeu jeung stratégi pangajaran pikeun ngungkulan masalah-masalah akademis. Sabab éfék salahna milih modél pangajaran ngabalukarkeun matéri anu baris didadarkeun ka siswa jadi teu éféktif jeung éfisién. Ku kituna, perlu aya panalungtikan kalawan judul “Impleméntasi Modél *Think Pair and Share* dina Pangajaran Ngadongéng (Panalungtikan Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMA Negeri 15 Bandung Taun ajaran 2021/2022)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu ditalungtik ngawengku modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng. Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*?
- b. Kumaha kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*?
- c. Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh ngadongéng saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipidangkeun. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji modél *Think Pair and Share* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngadongéng.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun :

- a. Kamampuh siswa dina ngadongéng saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*;
- b. Kamampuh siswa dina ngadongéng sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*; jeung
- c. Bédana anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan pikeun neuleuman

- a. Ilmu atikan, pikeun neuleuman élmu dina nyarita maké basa Sunda sangkan bisa leuwih jembar kana pangaweruhna.
- b. Kaparigelan basa, dina ngagunakeun basa Sunda sangkan bisa leuwih hadé ngagunakeun basana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun guru, sangkan bisa nambahan pangaweruh dina ngagunakeun modél-modél pangajaran anu éféktif, tur bisa meunangkeun gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina ngadongéng.
- b. Pikeun siswa, sangkan bisa nambahan pangaweruh jeung pangalaman siswa dina pangajaran ngadongéng hususna ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share* jeung bisa ngabantuan siswa dina ngungkulan sababaraha kahéngkéran dina ngadongéng sangkan leuwih hadé sarta bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina diajar basa Sunda.
- c. Pikeun panalungtik, sangkan bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share* jeung bisa méré sawangan keur kahareupna pikeun nu nalungtik nalika ngajar ka siswa sangkan bisa leuwih kréatif tur inovatif.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun kalawan sistematis sarta diwangun jadi lima bab, nyaéta BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I Bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung husus, mangpaat/signifikansi panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésisna. Dina ulikan tiori anu eusina ngeunaan modél pangajaran kooperatif, tujuan modél pangajaran kooperatif, kaonjoyan jeung kahéngkéran modél pangajaran kooperatif, modél pangajaran *Think Pair and Share* ngawengku wangenan, léngkah-léngkah, kaonjoyan jeung kahéngkéran. Tiori nyarita anu eusina medar wangenan nyarita, pungsi jeung udagan nyarita, mangpaat nyarita, jeung rupa-rupa wanda dina nyarita. Tiori ngeunaan dongéng anu ngaguar wangenan dongéng, tujuan dongéng, dasar-dasar ngadongéng, kaonjoyan ngadongéng, léngkah-léngkah ngadongéng, unsur-unsur dongéng. Pangajaran dina ngadongéng, sarta modél pangajaran *Think Pair and Share* dina pangajaran ngadongéng.

BAB III Metode panalungtikan, anu eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik analisis data ngaguar uji sipat jeung uji hipotésis data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Think Pair and Share* dina pangajaran ngadongéng nu ngawengku kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share* siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021/2022, kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share* siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021/2022, béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.

BAB V Kacindekan, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.